



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 7/19/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO SANT DISTRIBISYON DICK'S SPORTING GOODS KI PRAL KREYE 466 PÒS TRAVAY NAN REJYON SID LA

DICK'S Sporting Goods ap investi plis pase 100 milyon dola pou konstwi yon Sant Distribisyon ki mezire 650,000 pye kare

Magazen ki se Premye Distribitè Atik pou Spò nan peyi a – ki te fonde nan Binghamton – ap retounen pou l ranfòse rasin li nan rejyon an

Gade foto reprezantasyon Enstalsyon Sant depwent sa [Isit](#), [Isit](#) ak [Isit](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia ke DICK'S Sporting Goods Inc., magazin ki se Premye Distribitè Atik pou Spò ak Egzèsis nan peyi a pral investi 100 milyon dola pou konstwi yon Sant Distribisyon Rejyonal nan pak endistryèl Broome County Corporate Park nan vil Conklin nan. Investisman DICK'S la ap kreye 466 pòs travay atanplè pandan senk ane k ap vini yo nan rejyon sid la. Konstriksyon pou sant distribisyon ki mezire 650,000 pye kare sa a pral kòmanse mwa pwochen an, epi li pwograme pou l fini nan kòmansman 2018. Nouvo sant distribisyon DICK'S la ap ranfòse rasin konpayi a nan Binghamton, kote li te fonde depi sèt deseni pase, epi li konfòm avèk règ Southern Tier Soaring yo – ki se plan direktè pou agrandisman ekonomik rejyon an.

Gouvènè Cuomo te di: “Kòmanse depi nan Konsil pou Developman Ekonomik Rejyonal nou yo pou rive nan Inisyativ Relansman Pati Zòn Nò a, nou ap bati fondasyon pou tout rejyon toupatou nan eta ka transfòmè kominote yo pou yo vin yon motè ekonomik.” “Nouvo sant distribisyon DICK'S la se prèy pozitif ki pwouve estrateji nou genyen pou nou pwofite de resous rejyonal nou yo pou nou atire investisman prive premye ran epi leve kwasans travay la ap mache isit nan rejyon sid la. Anons jodi a montre pwogè k ap fèt nan chanjman trajektwa klima biznis New York la, epi nou pral kontinye investi nan resous rejyon sa yo pou atire biznis epi kreye opòtinite ekonomik pou jenerasyon k ap vini yo.”

Prezidan ak Direktè Jeneral DICK'S Sporting Goods Edward W. Stack te di: “Nou vrèman kontan anpil pou anonse plan nou genyen pou konstwi epi fè fonksyone yon sant distribisyon nan zòn metwopolitèn Binghamton lan, pou pi ranfòse rasin nou ki deja pwofon nan kominote sa a. Nou te kòmanse konpayi a isit la, epi anfenkont nou te chwazi Conklin paske li ofri yon environman ki favorab pou biznis, yon mendèv kalite ki fyab, avèk opòtinite pou kreye travay lakay nou.”

Youn nan eleman santral Southern Tier Soaring se pou atire investisman prive de premye ran, plan direktè apwofondi rejyon an pou pwodui kwasans ekonomik ak devlopman komitè solid. Eta te deja investi plis pase 3.1 milya dola nan rejyon an depi 2012 pou

soutni plan – atire mendèv ki gen talan, devlope biznis yo epi kreye nouvo pòs travay.

Nouvo sant distribisyon rejyonal DICK'S nan Broome County a pral senkyèm sant konsa li genyen nan peyi a. Sant lan pral sitiye sou ozanviwon 123 karo tè ki nan pak endistryèl Broome Corporate Park la epi li pral sèvi plis pase 200 magazen distribitè atravè rejyon Nòdès la. Pandan konstriksyon sant lan, pral gen lòt sit travay tankou atenyasyon tè makay yo, kalibre, netwaye epi elaji sistèm sèvis piblik yo ki pral fèt an menm tan. An plis de sa, DICK'S nan pwosesis pou resewva yon sètifika LEED pou sant lan ki gen plan pou enkòpore eleman dirab ki favorab pou anvironnman tankou ekleraj ki itilize mwens enèji ak HVAC, materyèl konstriksyon resikle ki favorab pou anvironnman, sistèm pou jesyon enèji, ak pwogram resiklaj pou katon ak plastik yo.

W ap jwenn **foto reprezantasyon etablisman an** yo disponib [lsit](#), [lsit](#) ak [lsit](#) la.

Elajisman DICK'S nan rejyon Sid la ap ranfòse rasin konpayi ke fanmi Stack te fonde depi 1948. Richard 'Dick' Stack te kòmanse avèk yon prè ki koute \$300 li te prete nan men grann li, lajan l te sere nan bwat bonbon li. Ak lajan sa, Dick te kòmanse ak yon magazen ki te vann zouti pou lapèch nan Court Street Binghamton. 1958 pa t ko menm rive, li te gentan agrandi liy pwodui li yo pou gen ladan yo pifò nan sa ki vin nan plis pase 645 magazen DICK'S Sporting Goods atravè peyi a jodi a.

Prezidan, Direktè Jeneral epi Delege pou Devlopman Empire State la, Howard Zemsky te di: “Anons jodi a bay plis prè siksè tanjib plan estrateji pou rejyon sid la pou atire investiman nan sektè prive a epi transfòme l an kwasans ekonomik. Dènye agrandisman DICK'S yo pral kreye plis pase 450 nouvo pòs travay lakay li nan Binghamton, epi se premye bèl egzanp ki montre kisa nou kapab akonpli lè nou travay depre avèk patnè rejyonal yo pou bay bon jan rezilta.

Leta ansanm ak Broome County te ofri yon pakè prim ankourajman konkiransyèl nan efò pou te atire gwo sant distribisyon DICK'S Sporting Goods sa a, epi kreye 466 nouvo pòs travay nan rejyon Sid la. Prim ankourajman Eta New York ki baze sou pèfòmans lan yo vo jiska 12 milyon dola, gen ladan fon ki soti na kredi taks Inisyativ Relansman Rejyon Zòn Nò a, ak Pwogram Travay Excelsior la. An plis de sa, Ajans pou Devlopman Endistryèl Broome County konte apwouve rabè sou taks nan jou k ap vini an yo.

Egzekitif Broome County a, Debra Preston te di: “Mwen kontan DICK'S ap retounen pou l kontinye patrimwan li, epi ranfòse rasin li yo isit la nan rejyon sid la. Desizyon sa voye yon mesaj solid ke Broome County se yon bon kote pou fè biznis, epi ouvri yon lòt bèl chapit nan istwa ekonomik rejyon nou an. Mwen remèsye Gouvènè a pou vizyon l ak angajman l pou pwodui kwasans ekonomik nan kominote nou an, epi mwen ap tann ak enpasyans pwogrè nou pral fè nan ane k ap vini yo.

Direktè Egzekitif Ajans pou Devlopman Endistryèl Broome County a, Kevin McLaughlin te di: “Se yon pwojè ekstraòdinè pou Broome County, epi li pa t fasil pou nou te mete l sou pye. Nou te gen anpil difikilte pou te n jwenn anplasman apwopriye ak anpil obstak ki te devan nou. Kolaborasyon ant biwo nou an, Eta New York la, DEC, Army Corps of Engineers, Broome County, Vil Conklin ak Delta Engineers te enkwayab, epi angajman DICK'S Sporting Goods and JLL pou rann pwojè sa posib, ede n kontinye vè lavan. Nou kontan anpil paske jou a resi rive pou nou anonse DICK'S ap retounen nan Broome

County.”

An plis de sa, NYSEG pwomèt jiska 540,000 dola kòm sibvansyon pou devlopman ekonomik pou enfrastrikti elektrik ak gaz natirèl, epi pou amelyorasyon efikasite enèji yo.

Mark S. Lynch, Prezidan ak Direktè Jeneral NYSEG ak RG&E te di: “Nou kontan pou nou pote sipò bay inisyativ DICK’S Sporting Goods pou envesti plis nan Broome County ak nan rejyon Sid la. Sibvansyon pou devlopman Ekonomik ke NYSEG ap bay yo ranfòse ekonomi an lè li ede mete sou pye nouvo biznis oswa agrandi sa k te la deja yo. Kontribisyon nou nan efò sa satisfè nou anpil paske li pral pote envestisman enpòtan ak nouvo pòs travay nan rejyon an. Nou felisite DICK’S Sporting Goods epi nou swete konpayi an jwenn anpil siksè.”

Senatè Fred Akshar te di: “DICK’S Sporting Goods se te yon eleman kle nan ekonomi rejyon sid la pandan anpil ane, e jodi a, nou ap asire ke patrimwan sa a toujou kontinye. Avèk 466 pòs travay sa yo k ap vini isit la, nouvo sant distribisyon sa a se yon pouse ekonomik ke rejyon nou kontan resevwa avèk de bra louvri. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou efò li te fè pou l rann ide sa vin yon reyalyte.”

Manm Asanble Donna Lupardo te di: “Avèk dèsantèn magazen toupatou nan peyi a, li apwopriye pou nouvo sant sa sitye isit la menm, nan rejyon sid la kote premye magazen DICK’S Sporting Goods la te ouvri. Nou byen kontan akeyi nouvel pou kreye plis pase 450 nouvo pòs travay pou ekonomi lokal la, ki pral ajoute momentòm sou travay ki te deja ap fèt toupatou nan rejyon an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou tout sa li te fè pou rann jou jodi a posib, epi mwen ap tann ak enpasyans pou nou kontinye patenarya nou an pou ede ekonomi an pwospere yon lòt fwa ankò.”

###

W ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418